



## kon bul ma seedeloo, man duma seede ag jeng

Jële nañu ci An-Nuhmaan Ibn Basiir yal na leen Yàlla dollee gërëm: Yaayam Bintu Rawaahata dafa laaj baayam mu may ko lenn ci alalam ñeel doomam, mu tanqamlu ko lu mat at, topp mu mujj gis loolu, mu ne ko: du ma nangu lu dul nga seedeloo Yonente Yàlla bi ci li nga may sama doom ji, mu ñëw ci Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, ne ko: yaw Yonente Yàlla bi, yaayu kii di Bint Rawaahata dafa bëgg ma seedeloo la ci li ma may doomam ji, Yonnente bi ne ko: yaw Abuu Basiir, ndax am nga jeneen doom ju dul kii?" Mu ne: waaw, mu ne ko: "ndax ñoom ñépp nga may lu mel nii?" Mu ne: déédéet, mu ne ko: "kon bul ma seedeloo, man duma seede ag jeng", ñëw na ci Muslim: "demal seedeloo lii ci keneen ku dul man".

[متفق عليه، وله ألفاظ عديدة] [Wér na]

An-Nuhmaan ibn Basiir yal na ko Yàlla dollee gërëm xibaare na ne yaayam Amrata bin Rawaahata yal na ko Yàlla dollee gërëm dafa laaj baayam ag may ci alalam ngir doomam, mu tanqamlu yeexe ko ba mu mat at, mu mujj gis ne na ko wuyu ci càkkuteefam may doomam ji An-Nuhmaan, Amrara ne ko: Du ma nangu ba baa ngay seedeloo Yonnente Yàlla bi li nga may sama doom ji, sama baay jàpp ci sama loxo te man booba xale bu ndaw laa, mu ñëw ci Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, ne ko: Yaw Yonnente Yàlla bi, yaayu kii di Bint Rawaahata dafa bëgg ma seedeloo la li ma may doomam ji, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, ne ko: Yaw Basiir, ndax am nga jeneen doom ju dul jii? Mu ne: waaw. Mu ne ko: ndax may nga ñépp kem kii? Mu ne: déédéet. Mu ne ko: bul ma seedeloo kon, ndax man duma seede ag jeng ak ug tooñ. Ñëw na ci sahiihul Musli, mu wax Gëdd ko: waaye na nga seedeloo tooñ gii ku dul man.

<https://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/6035>

